



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Aktyalite Zafè Etidyan pou OU: Ekselans UMD, Aplikasyon UMD ak plis toujou

Lendi 25 septanm 2023

Chè Kòlèg,

Vandredi dènye, bon grenn kòlèg mwen ki se Doktè Warren Kelley fè bon jan enpresyon nan Maryland lan. Fyète li gen pou UMD kapab frape lòt moun! Mwen ankouraje nou tout pou n suiv direktiv Warren. Chak vandredi, mete koulè UMD a sou ou. Inivèsite a rann nou fyè pou plizyè rezon—ou se youn (1) nan rezon ki fè m fyè mwen se yon Terp!

Selebrasyon Ekselans UMD

Prezidan Pines [pataje Lendi dènye](#) UMD rive genyen pi meyè klasman li pami tout inivèsite nasyonal ki soti nan [U.S. News & World Report](#). Apre tit sa, mwen vle selebre *U.S News* [ki klase tou UMD antanke Nimewo 8 nan pwogram aprann sou lavi yo!](#)

Fòs patnè nou yo ak Zafè Akademik yo ak bèl travay ekip nou an ki responsab Espas Etidyan yo ap viv sou kanmpis la kontinye fè nou se yon modèl nasyonal. Bravo! Mwen gen anpil fyète pou m se yon Terp.

Nouvo Ti Makèt ki sou Kanmpis Nò a

Sèvis restoran yo te ouvè nouvo Makèt sou Kanmpis Nò a nan Kominote Ellicott la nan komansman trimès sa. Li nan ansyen lokal North Campus Diner a, makèt la gen sandwich ak salad ki fenk prepare, Boutèy ak fontèn Pepsi, snack ak kafe ak espresso Starbucks. Ou ka achte tou te boba, pizza ak manje sou griy la. Makèt la gen ladan l tou founiti eskolè ak pwodui pou sante ak bote tout kalite. Fè yon pase ladan l lè ou kapab—yo ouvè jou nan semèn nan soti 7:30 a.m pou rive 1:00 a.m, ak nan wikenn soti 10:00 a.m pou rive 1:00 a.m.

Envesti nan Moun epi nan Kominote Nou an

Nouvo Pri yo bay Ekip Inivèsite a Rekonpanse Lide yo ak Ekselans yo

Mwen ak kòlèg mwen yo ki vis prezidan yo [te voye yon mesaj semèn pase a](#) pou leve ekselans ak inovasyon ekip la, mwen konnen sa gaye nan DSA! Pwopoze tèt ou oswa yon kòlèg pou youn (1) nan nouvo pri ekip Inivèsite a nan dat lendi 30 oktòb.

- [Prim Inovasyon Terrapin](#) lan onore manm ekip yo pou nouvo lide ki kaptire lespri Avanse San Krent lan avèk panse inovatè ak kreyatif ki nan avantaj inite, depatman oswa inivèsite yo a.
- [Prim Enpak MVP](#) a onore manm ekip yo ki, pandan ane ki sot pase a, te demontre yon atitud ekselans, sèvis remakab ak kontribisyon eksepsyonèl Avanse San Krent ki te nan avantaj inite, depatman oswa inivèsite yo a.

Nou pral onore moun k ap resevwa prim sa yo nan yon resepsyon nan sezon prentan epi yo pral resevwa yon prim \$1,000 lajan kach. Nouvo prim sa yo fè pati plan anganjman estratejik inivèsite nou an ki se pou [envesti nan moun ak kominote](#). M ap kontinye invest nan ou!

Sèvis Enfòmatrik Zafè Etidyan yo ak Divizyon Enfòmatrik la relanse Aplikasyon UMD a

Sèvis Enfòmatrik Zafè Etidyan yo ak Divizyon Enfòmatrik la pase men nan [Aplikasyon UMD a](#) ak relanse li ak nouvo fonksyonalite! Kounye a etidyan yo kapab gen yon vizyon ki pèsonèl ak yo sou sa y ap fè sou kanmpis la, tankou orè klas yo, lajan yo gen sou kont restoran yo an ak detay sou kolokasyon yo an. Aplikasyon rann koneksyon sou lavi ki gen nan kanmpis la rapid: "zòn ki okipe" espas pou manje a, evenman kanmpis yo, resous ki sekirize, evenman Asistan Responsab Espas pou Abite sou kanmpis la, enfòmasyon Sant Konsèy ak plis.

Ekip Aplikasyon UMD gen pou pibliye plis fonksyonalite ki konsantre sou etidyan yo pandan ane a. Tanpri gaye nouvèl aplikasyon an sou rezo sosyal ou yo!

Jiskaske nou rewè ankò, ann espere semèn pwochen nan DSA Town Hall, pòte w byen,

Patty Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland

li (pwonon feminen)

Anrejistre Dat yo

- [Fall DSA Town Hall](#): Mèkredi 4 oktòb soti 1 p.m pou 4 p.m
- [Konvèsasyon Konsèy: Ajoute SALT](#) Kevin Pitt, Direktè Enterim Lavi Frè ak Sè, Madi 10 oktòb nan 2:00 p.m